**दिन–बुधवार** **दिनांक–21.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि – 05 मिनट

---

केन्द्र सरकार अटल पेंशन योजना दू हजार तीस–एकतीस धरि जारी रखबाक निर्णय लेलक अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक अध्यक्षता मे आइ भेल केन्द्रीय मंत्रिमंडलक बैसार मे एहि लेल प्रस्ताव स्वीकृत कयल गेल। अटल पेंशन योजना मे अखन धरि आठ करोड़ छियासठि लाख सँ बेसी लाभार्थी सभ पंजीकृत भेल छथि।

———————————————

भारतीय जनता पार्टीक नव निवार्चित राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन आइ नव दिल्लीक पार्टी मुख्यालय मे वरिष्ठ पदाधिकारी सभक संग मैराथन बैसार कऽ रहल छथि। भेटल जनतबक अनुसार एहि सँ संगठन के मजगूत करब आओर भविष्यक रणनीति तैयार करब अछि। एहि बिच श्री नबीन राष्ट्रीय पदाधिकारी आओर संगठनक फराक–फराक इकाईक प्रमुख सभ सँ कतेको बिन्दु पर चर्चा करताह। श्री नबीन काल्हि राष्ट्रीय अध्यक्ष पदक शपथ लेलनि अछि। ओ पार्टीक सभ सँ युवा अध्यक्ष बनल छथि।

———————————————

मुख्य निर्वाचन आयोग ज्ञानेश कुमार जनौलनि अछि जे बुथ स्तरीय अधिकारी सभ देश मे निर्वाचन आधारित लोकतांत्रिक व्यवस्थाक स्तंभ छथि। श्री कुमार आइ नव दिल्ली मे लोकतंत्र आओर निर्वाचन प्रबंधन पर तीन दिवसीय अंतर्राष्ट्रीय सम्मेलनक उद्‌घाटन सत्र के संबोधित कऽ रहल छलाह। सम्मेलन मे सत्तरि सँ बेसी देशक प्रतिनिधि सभ छथि।

———————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार समृद्धि यात्राक बिच आइ सारण जिला मे पांच सय अड़तीस करोड़ टाकाक कतेको विकास योजनाक उद्‌घाटन आओर शिलान्यास कयलनि। एहि बिच श्री कुमार जनसंवाद कार्यक्रम के संबोधित करैत जनौलनि जे राज्यक एनडीए सरकार सभ क्षेत्र मे विकास कऽ रहल अछि। मुख्यमंत्री यात्राक बिच छपरा मे जीविका सिलाई केन्द्र, राज्यकीय औद्योगिक प्रशिक्षण संस्थान–आईटीआई आओर आनो–आन विकास स्थल जा कऽ देखलनि।

———————————————

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी समृद्धि यात्राक बिच सभा के संबोधित करैत जनौलनि जे राज्य मे पैघ स्तर पर उद्योग स्थापित कयल जा रहल अछि। ओ जनौलनि ज बंद पड़ल सभ चीनी मिल फेर सँ खोलल जायत। श्री चौधरी जनौलनि जे बिहारक युवा सभ के अपने ठाम काज भेटय एहि लेल देशक सभ निक औद्योगिक नीति लागू कयल गेल अछि।

———————————————————

राज्य सरकार जीवन प्रमाण—पत्र जमा नहि कयला पर सेहो बुजुर्ग, दिव्यांग आओर विधवा सभ के समाजिक सुरक्षा पेंशन भोगतान नहि रोकल जयबाक लेल जनौलक अछि। समाज कल्याण मंत्री मदन सहनी जनौलनि जे लाभार्थी सभक पेंशन कोनो कारण सँ जीवन प्रमाणीकरण नहि देबाक स्थिति मे सेहो बंद नहि कयल जायत। श्री सहनी जनौलनि जे, जे लाभुक सभ कॉमन सर्विस सेंटर पर लाईफ सर्टिफिकेट जमा नहि कऽ सकताह हुनका सभक घर जा कऽ सत्यापन कयल जायत। ओ जनौलनि जे एहि लेल पंचायत आओर प्रखंड स्तर पर विशेष शिविर लगाओल जायत।

———————————————————

पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश जनौलनि जे घुसपैठी सभ हमर समाजिक आओर आर्थिक विकासक राह मे पैघ बाधा अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री प्रकाश जनौलनि जे अवैध तरीका सँ आयल लोक सभ देशक संसाधन पर अपन अधिकार नहि जता सकैत छथि। ओ जनौलनि जे एहि सँ देशवासी सभक बिच संसाधनक कमि बर्दास्त नहि कयल जायत।

———————————————————

कृषि मंत्री रामकृपाल यादव जनौलनि अछि जे राज्यक कोनो जिला मे खाद्यक— (उर्वरक) कमि नहि अछि। ओ जनौलनि जे अखन एक लाख चौरासी हजार मिट्रीक टन युरिया सहित आनो—आन खादक पर्याप्त स्टॉक अछि। श्री यादव जनौलनि जे खादक कालाबाजारी पर रोक लगेबाक लेल विभाग छापा मारि रहल अछि। ओ जनौलनि जे रवि मौसमक बिच कालाबाजारी करयवला बियालीक खादक दोकान पर प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि संगहि, एक सय पंद्रह खादक दोकानाक लाईसेंस रद्द कयल गेल अछि।

———————————————————

भागलपुर जिलाक सुल्तानगंज मे राज्यक पहिल शिव कॉरिडोर बनाओल जायत। जिला प्रशासन उज्जैन आओर वाराणसी जेहेन रेलवेक जमीन पर कॉरिडोर बनाओत। एहि के बदला

रेलवे के गंगा कात, बरारी, जगदीशपुर आओर सुल्तानगंज मे तीन फराक–फराक भूखंड देल जायत। जिलाधिकारी राजस्व आ भूमिसुधार विभागक सचिव के निःशुल्क जमीन स्थानांतरण लेल चिट्ठी पठौलक अछि। विभागक स्वीकृति के बाद जमीनक बदलेन कयल जायत।

————————————————————————

अररियाक जिलाधिकारी विनोद दुहन भ्रष्टाचारक आरोप मे नरपतगंज प्रखंडक राजस्व कर्मचारी इम्तिाज आलम के निलंबित कऽ देलनि अछि। संगहि, जिलाक भारत–नेपाल सीमा क्षेत्र सँ पुलिस भारी मात्रा मे प्रतिबंधित कोडिनवला सीरपक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

————————————————————————

पश्चिमी विक्षोप के सक्रिय भेला सँ राज्यक उत्तर–मध्य आओर दक्षिण–मध्य क्षेत्र मे कतेको ठाम मौसम बदलल अछि। मौसम विभागक अनुसार अगिला चौबीस घंटाक बीच कतेको ठाम हल्लुक सँ मध्यम स्तरक बारिश भऽ सकैत अछि। विभागक अनुसार बारिशक कारण अधिकतम तामपान दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि कमि सकैत अछि जाहि सँ ठंढा बढ़त।

————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।